# BAS MAQALA

## «ЖАҢА ӨЗБЕКСТАН – ҮШИНШИ РЕНЕССАНС»ТЫ ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎ БАҒДАРЛАМАСЫ

*(Президент Шавкат Мирзиёевтиң* ***«Жаңа Өзбекстан стратегиясы»*** *атлы китабының толықтырылған екинши басылымы қарақалпақ тилинде жарық көрди)*

**С.Абаев** – *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**М.Якубов** – *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

Президентимиз Шавкат Мирзиёев тәрепинен журтымызда Жаңа Өзбекстанды ҳәм Үшинши Ренессанс фундаментин қурыў бойынша ортаға қойылған идеялары халқымыз тәрепинен шын жүректен ҳәр тәреплеме қоллап қуўатланды. Президентимиздиң «Жаңа Өзбекстан стратегиясы» атлы ҳәр бир қағыйдасы илимий тийкарланған китабында усы идеяларды әмелге асырыўдың бағдарламасы баян етилди. Китапта ортаға қойылған мақсетлер ҳәм усыныслар жаңаланған Конституциямызда ҳәм «Өзбекстан-2030 стратегиясы» ндағы 5 бағдар 100 мақсетте әмелият ушын нызамластырылған көрсетпелерге айналтырылды.

Китаптың үшинши бөлими экономика – жәмийет турмысының денеси екенлиги басшылыққа алынып, «миллий экономиканы раўажландырыў» мәселесине арналған. Жаңа Өзбекстан модернизацияланған экономикаға тийкарланатуғын, экономикалық пәраўанлыққа ерискен, ҳәр бир пуқара ушын кең экономикалық имканиятлар мәмлекети болады. «Бул ҳәр бир пуқара бай болса – мәмлекет бай болады, ҳәр бир шаңарақ пәраўан болса – мәмлекет пәраўан болады» [2:144] деген принциптиң әмелге асыўына алып келеди. Жаңа Өзбекстан жаңаша экономикалық көзқарас, жаңаша экономикалық қатнасықлар дегени.

Жаңа Өзбекстанның стратегиясы турақлы түрде экономикалық өсиўге қаратылған болады. 2030-жылға барып экономикалық өсиў темпи 6,3-6,5 %, капитал қуйылмалар 8,-8,5 %, экспорт 9,0-10,0 % болыўы тәмийинленеди. 2030-жылға дейин миллий экономиканың қурамында санааттың үлесин 40 % жеткериў бойынша анық мақсетли дәстүрлер әмелге асырылады. Экономикада жеке меншик ҳәм исбилерменликтиң роли артады. 2026-жылға барып жеке сектордың жалпы ишки өнимдеги үлеси ҳәзирги 67 процентten 80 процентке, экспорт көлеми 32 процентten 60 процентке өсиўи тәмийинленеди. «Өзбекстан-2030» стратегиясында 2030-жылға шекем экономика көлемин 2 есеге көбейтиў, «дараматы орташадан жоқары болған мәмлекетлер» қатарына қосылыў, жалпы ишки өнимниң көлемин 160 миллиард долларға ҳәм халықтың жан басына дәраматларын 400 долларға жеткериў белгиленген. Сондай-ақ, китапта экономика тараўларын модернизациялаў, аўыл хожалығын жоқары пәт пенен раўажландырыў, суў ресурсларынан нәтийжели пайдаланыў, аймақлардың экономикалық раўажланыўын тәмийинлеў, туризмди Өзбекстан экономикасының жетекши саласына айландырыў, санлы экономиканы әмелге асырыў ўазыйпалары китапта ҳәр тәреплеме анализленип ҳәм сол тараўлардағы ўазыйпалар анық белгиленген.

Мәмлекетимиз басшысының китабының төртинши бөлими «әдил социаллық сиясат» деп аталып, бунда усы бағдардағы реформаларымыздың әхмийети ҳаққында сөз етиледи, барлық арзыў-нийетлеримиз ҳәм умтылыўларымыз, машақатлы мийнетимиз, түнди − түн, күндизди − күндиз деместен әмелге асырып атырған ис-ҳәрекетлеримиз – барлық-барлығы бизге үлкен үмит пенен қарап турған халқымыз мәпи ушын әмелге асырылып атырғанлығы ҳәр тәреплеме сөз етиледи. «Биз бул бағдардағы, – дейди Журтбасшымыз, – жақсы ислеримизди даўам еттирип, социал әдалатлылық принципи тийкарында турақлы раўажланыў стратегиямызды ислеп шықтық ҳәм бул тараўдағы бар болған машқалаларды сапластырыў бойынша жумысларымызды мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтердик. Өзбекстан тарийхында социаллық тараў бойынша бундай кең көлемли жумыслар бурынлары ҳеш қашан болмаған» [2:201]. Соңғы жыллары халықты социаллық қорғаў мақсетинде пүткиллей жаңа ис усыллары «Темир дәптер», «Ҳаял-қызлар дәптери», «Мәҳәлле кесими» ҳәм «Шаңарақ кесими» нәтийжели әмелге асырылмақта. «Абат аўыл», «Абат мәҳәлле», «Бес әҳмийетли баслама», «Ҳәр бир шаңарақ исбилермен», «Жаслар келешегимиз», «Бир миллион программист» сыяқлы 20 дан аслам мәмлекетлик социаллық дәстүрлер ҳәм концепциялар журтбасшымыздың усынысы менен турмысқа енгизилип, өзиниң унамлы нәтийжесин бермекте. Бул илажларға бурын көрилмеген дәрежеде қаржы бөлип шығарылмақта. Халықты социаллық қорғаў саласында жақын 10 жылда олардың дәраматлары 2,5-3 есеге көбейиўине ерисиледи. Ең кем ис ҳақыны жасаў минимум муғдары дәрежесине теңлестириў бойынша мәмлекетлик дәстүр ислеп шығылады. «Өзбекстан- 2030» стратегиясы»нда 2026-жылы қәмбағаллықты 2022- жылға салыстырғанда 2 есе, 2030- жылға шекем болса кескин қысқартыў белгиленген (27- мақсет).

Президентимиз тәрепинен усынылған жаңа социал сиясаттың ең әҳмийетли бағдарларының қатарына сапалы ҳәм профессионал медициналық жәрдемди тәмийинлеў, халықтың медициналық мәдениятын арттырыў, адамлар арасында саламат турмыс тәрзи принциплерин үгит-нәсиятлаў, тәлим ҳәм тәрбия саласындағы кешиктирип болмас ўазыйпалар, инновацион раўажланыўдың негизи сыпатында илим-пәнди раўажландырыў, мәмлекет ҳәм жәмийет басқарыўында ҳаял-қызлардың ролин беккемлеў, Жаңа Өзбекстанның дөретиўшилери болған жаслар бойынша сиясатты алып барыў киритилген ҳәм бул тараўлардың ҳәркайсысы бойынша әмелге асырылатуғын ислер айқын көрсетилген.

Жаңа Өзбекстанды қәлиплестириўде мәнаўий ҳәм ағартыўшылық саладағы реформалар ҳәм оларды және де тереңлестириў айрықша әҳмийетке ийе. Бул мәселени анализлеўге «Мәнаўий раўажланыў» деп аталған бесинши бөлим арналған. Президентимиз айтқанындай, ҳәммемиз жақсы түсинемиз, егер жәмийет турмысының денеси экономика болса, оның жаны ҳәм руўхы – мәнаўиятдур. Биз Жаңа Өзбекстанды пайда етиўде мине усы еки беккем үстинге, яғный, базар принциплерине тийкарланған күшли экономикаға ҳәм ата-бабаларымыздың бай мийрасы, миллий ҳәм улыўмаинсаный қәдириятларға тийкарланған күшли мәнаўиятқа таянамыз. Мәнаўият – жәмийеттеги барлық сиясий-жәмийетлик мүнәсибетлердиң мазмуны ҳәм сапасын белгилейтуғын фундамент. Бул фундамент қанша беккем болса халық та, мәмлекет те соншелли күшли болады.

Ҳәзирги глобалласыў дәўиринде түрли бузғыншы идеялардың миллий қәдириятларымызға топылысы, терроризм, экстремизм, «ғалабалық мәдeният», трансмиллий ҳәм кибер жынаятшылық, адам саўдасы, наркотрапик, коррупцияға усаған қәўип-қәтерлердиң қәўпи барған сайын күшейип бармақта. Мине, усындай жағдайда жәмийетимизде мәнаўий тәрбияның роли кескин артып бармақта. Руўхый жақтан қырағы ҳәм сергек болып жасаў, жасларды миллий ҳәм улыўмаинсаный қәдириятлар руўхында тәрбиялаў, оларда идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў талап етилмекте.

Китапта көрсетилиуинше мәнауий тәрбияның сапасын кескин арттырыў мақсетинде «Өзбекстанның 2022-2032-жылларға арналған мәнауий раўажланыў стратегиясы», «Жаңа Өзбекстан – мәрипатлы жәмийет» концепциясы ҳәм оны әмелге асырыў миллий дәстүри исленип шығылады. 2023-жыл 22-декабрьде Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң руўхый ҳәм ағартыўшылық Кенесиниң мәжлисинде «Мәнаўият өмиримизде жаңа күш, жаңа ҳәрекетке айланыўы керек» атамасында шығып сөйлеген сөзиндеги оғада қуплы идея ҳәм көрсетпелер усы бағдардағы пикирлер болып табылады.

Президентимиз өз китабында Қарақалпақстанның мәнаўий раўажланыўындағы гейпара мәселелерге, өткерилетуғын илажларға да тоқтап өтеди. Өзлериңизге мәлим, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театры, «Айкулаш» миллий фольклор ансамбли, Игорь Савицкий атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик көркем өнер музейи шын мәнисинде Өзбекстан көркем өнериниң мақтанышы есапланады – дейди Журтбасшымыз. Биз буннан былай да қарақалпақ халқының мәдениятын ҳәм көркем өнерин, қарақалпақ тили ҳәм әдебиятын раўажландырыўға, оны мәмлекетимиз ҳәм жәҳәнде кең ен жайдырыўға айрықша итибар қаратамыз. Усы мақсетте «Қарақалпақ әдебияты дүрданалары» көп томлық топламын өзбек тилинде басып шығарыў жумыслары даўам етеди. Әйне ўақытта пүткил дүньяда «Сахрадағы Лувр» деген ат пенен даңққа ийе болған Савицкий музейи бойынша АҚШ, Россия, Уллы Британия, Францияның жетекши илимий-мәдений мәкемелери менен биргеликте арнаўлы изертлеўлер әмелге асырылып, шет еллерде китап ҳәм альбомлар басып шығарылады. Шет елдеги абырайлы мәдeният орайларында усы музейдиң көргизбелери шөлкемлестириледи.

Китапта уллы бабаларымыз Абу Райхан Беруний ҳәм Ҳәким-ата Сулайман Бақирғаныйдың юбилейлерин өткериў бойынша көрсетпелер берилип, олар әмелге асырылды.

Президентимиз шығармасында жәмийетимизде тынышлық ҳәм турақлылық, миллетлераралық татыўлық ҳәм диний кеңпейилликти тәмийинлеўге айрықша итибар берилген. Буның жарқын дәлили сыпатында елимизде 30 июльды «Халықлар дослығы күни» деп байрамланыўын айтсақ орынлы болады. Елимизде диний ағартыўшылық тараўында үлкен ислер әмелге асырылмақта. БМШның Бас Ассамблеясының 72-сессиясында «Ағартыўшылық ҳәм диний кеңпейиллик» деп аталған айрықша Резолюциясының Өзбекстан тәрепинен ортаға қойылыўы ҳәм оның қабыл етилиўи журтымыздағы дин саласындағы сиясаттың дүнья халықлары тәрепинен тән алыныўы болды.

Китаптың «Өзбекстан ҳәм улыўмаинсаный машқалалар» деп аталған алтыншы бөлиминде Өзбекстанның раўажланыўына дәўиримиздиң глобал машқалаларының тәсири, радикализм, экстремизм, терроризмниң турақлы раўажланыўға зыяны, улыўмаадамзатлық арзыў-әрманы болған коррупциясыз дүньяны қәлиплестириў, кәмбағаллықты сапластырыў, қәўипсиз, тәртипли ҳәм нызамлы мийнет миграциясын әмелге асырыў ҳәм де нәтийжели миграция сиясатын жүритиў, пандемияның қәўпи ҳәм оған қарсы гүресиў тәжирийбемиз ҳаққында илимий тийкарланған терең мазмунлы пикирлер ортаға қойылады. Усы бөлимде климат өзгерислери, экологиялық апатлар, Арал ҳәм ана тәбиятты асыраў зәрүрлиги айрықша сөз етиледи.

Ҳәзирги заманның ең өткир экологиялық машқалалар - дың бири Арал апатшылығы екенлигине Президентимиз Шавкат Мирзиёев БМШның Бас Ассамблеясының сессияларында дүнья жүзилик аўқамға бийкарлап болмас дәлиллер менен исендирди, оны шешиўге барлық мәмлекетлерди жедел қатнасыўға шақырды. Бул машқала шешиў бойынша БМШ менен бирликте Арал бойы регионында инсан қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша Трастфонды шөлкемлестирилди. 2021-жылы 18-майда БМШ Бас Ассамблеясында «Арал бойы регионын экологиялық инновация ҳәм технологиялар аймағы» деп жәриялаў ҳаққында Өзбекстанның басламасы ҳәм 50 абырайлы мәмлекеттиң қатнасыўында ислеп шығылған резолюция қабыл етилди. Келеси 5 жылда Аралдың қурыған аймағында және 1 миллион гектар тоғайзарлық ҳәм путазарлықлар пайда болады. Нәтийжеде, Қарақалпақстанда қорғалатуғын тәбийғый аймақ 4 миллион гектарға жеткериледи.

Китапта раўажланыў стратегиямызға муўапық этирап-тәбийғый орталыққа, халықтың денсаўлығына ҳәм геофондына зыян келтириўши экологиялық машқалалардың алдын алыў, адамларымыздың экологиялық мәдениятын арттырыў ҳәм елимизде биологиялық көп түрлиликти сақлаў тийкарғы мақсетлеримизден деп қаралған. Бул идеялар Өзбекстан Республикасының Жаңа Конституциясында өз көринисин тапқан. Атап айтқанда, 49-статьяда қоршаған орталықты қорғаў, соның ишинде Аралбойы экологиясы бойынша нормалар киритилген.

Китаптың «Қәўипсизлик ҳәм сыртқы сиясат» атлы жетинши бөлиминде көрсетилиуинше, Жаңа Өзбекстанның сыртқы сиясаты, ең дәслеп, халқымыз, Ўатанымыз мәплерин ҳәр тәреплеме есапқа алған ҳалда әмелге асырылады. Жаңа редакциядағы Өзбекстан Республикасы Қорғаныў доктринасы қабыл етилди. Тарийхымызда биринши мәрте өз дәрежесине көре өзгеше система – әскерий-административлик секторлардың шөлкемлестирилиуи «Армия ҳәм халық – бир тән ҳәм бир жан» деген принципти әмелге асырыўға хызмет етпекте. Сыртқы сиясат өз ара пайдалы ҳәм әмелий сиясат болады. Қоңсы мәмлекетлер менен дослық ҳәм бирге ислесиў қатнасықлары түп-тийкарынан жақсыланады, регионаллық ҳәм халықаралық машқалаларды бирликте шешиў әмелге асырылады. Республикамыздың қорғаныў потенциалын беккемлеў, Өзбекстан Республикасы Қураллы Күшлериниң әскерий қүдирети ҳәм уқыбын арттырыў бойынша кең көлемли реформалар даўам еттириледи.

БМШ ҳәм оның институтлары менен бирге ислесиў дәрежеси буннан кейин де артып барыўына ерисиледи. Китапта Орайлық Азиядағы мәмлекетлер менен дослық қатнасықларды тереңлестириў ўазыйпалары айрықша анализленген.

Президентимиз китабының пүткил мазмуны халқымыздың материаллық ҳәм руўхый мәдениятын раўажландырыўға, адамларымыздың турмыс дәрежесин жақсылаўға, ҳәр бир инсанның руўхый дүньясын заман талабына сай өзгертиўге, әсиресе, жас әўладтың қәлби ҳәм санасын түрли зыянлы идеялар тәсиринен қорғаўға қаратылған.

Китаптағы идеяларды барлық идеялық ҳәм идеологиялық қураллар арқалы пүткил халқымыз санасына жеткериў, барлық дәрежедеги оқыў орынларында оны пән сыпатында үйрениў ҳәм китаптың қарақалпақ тилиндеги аўдармасының зиялыларға, жасларға, бәрше китапқумарларға жетип барыўын тәмийинлеў кешиктирип болмас ис деп есаплаймыз.

**Әдебиятлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. -Т.: «Ўзбекистон» 2023.
2. Мирзиёев Ш.М . Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы. Толықтырылған басылымына тийкарланған қарақалпақша биринши басылымы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2022, 440-б.
3. Мирзиёев Ш.М. Жаңаланған Конституциямыз Үшинши Ренессансты қурыў жолында беккем ҳуқықый тийкар болып хызмет етеди. /«Еркин Қарақалпақстан», 11 май 2023.
4. Мирзиёев Ш.М. «Өзбекстан- 2030» стратегиясы ҳаққында. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманы (11-сентябрь 2023- жыл). /«Еркин Қарақалпақстан», 14-сентябрь 2023.
5. Мирзиёев Ш.М «Мәнаўият өмиримизде жаңа күш, жаңа ҳәрекетке айланыўы керек», /«Еркин Қарақалпақстан», 26-декабрь 2023.